

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab medar métode panalungtikan anu bakal dijadikeun rujukan nalika lumangsungna panalungtikan. Panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Ngagunakeun pamarekan kualitatif métode déskriptif analitik lantaran sumber data mangrupa buku. Buku téks dianalisis muatan évaluasi nu aya patalina jeung muatan *HOTS* dina Taksonomi Bloom édisi révisi, jeung instrumén dina nyusun soal *HOTS*. Anapon subbad dina ieu bab aya 1) Desain panalungtikan, 2) Sumber panalungtikan, 3) Instrumén panalungtikan, 4) Téhnik ngolah data, 5) Analisis data, jeung 6) Isu étik.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Desain panalungtikan nyaéta rarancang dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ku ayana desain panalungtikan prosés panalungtikan bisa leuwih sistematis. Eusina ngawengku métode panalungtikan, pamarekan, ogé ngeunaan léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan.

Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan dumasar filsafat *postpositivisme* atawa *enterpretatif*, digunakeun pikeun nalungtik objék nu alamiah, dimana panalungtik jadi instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi), data nu dicangking mangrupa data kualitatif, analisis data sipatna induktif, ogé hasil panalungtikan kualitatif sifatna pikeun maham ma'na, maham kana ciri has, ngakontruksi kajadian, jeung manggihan hipotésis (Sugiyono, 2020, kc. 11). Numutkeun Ahyar, spk, (2020) panalungtikan kualitatif fokus utamana kana analisis prosés mikir sacara déduktif jeung induktif nu aya patalina jeung dinamika hubungan antar fenoména nu keur ditalungtik, jeung ngagunakeun logika ilmiah. Dina nganalisis kudu objéktif. Hususna dina nganalisis bahan panalungtikan. Dina analisisna ngagunakeun kekecapan rinci kana data sacara objéktif jeung jelas.

Métode panalungtikan mangrupa cara atawa prosedur nu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngajawab pasualan dina panalungtikan. Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyokot data dina panalungtikan (Suharsaputra, 2012, kc. 2). Métode anu digunakeun nyaéta métode dékriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan nu diarahkeun pikeun méré gambaran kana gejala, fakta atawa

kajadian kalayan sistematis jeung akurat, ngeunaan sifat populasi atawa hiji daérah (Ahyar, spk, 2020). Dina métode deskriptif aya analisis eusi dokumén ku kituna ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun eusi muatan *HOTS* nu aya dina buku *Gapura Basa SMP Kelas VIII*.

Dumasar kana kasang tukang ogé rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngaanalisis lével kognitif dina buku, manggihan kumaha waé stimulus nu aya dina buku, jeung kumaha unsur kontékstual nu aya dina buku *Gapura Basa SMP kelas VIII*. Desain panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data

Sumber dina ieu panalungtikan nyaéta buku téks *Gapura Basa SMP Kelas VIII* ku Taufik Faturohman nu geus réa digunakeun ku sakola-sakola di Kota Bandung ogé sakola-sakola di Jawa Barat. Jeung buku Kurikulum tingkat daérah kurikulum 2013 révisi 2017. Ogé sagala référénsi nu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan.

Data nu digunakeuna nyaéta Kompetensi Dasar unggal pangajaran, udagan pangajaran, jeung bagian évaluasi nu aya dina unggal bab.

Tabél 3.1

Jumlah soal dina buku *Gapura Basa SMP Kelas VIII*

No	Pangajaran	Jumlah Soal
----	------------	-------------

1	Pangajaran 1	46
2	Pangajaran 2	42
3	Pangajaran 3	22
4	Pangajaran 4	35
5	Pangajaran 5	63
6	Pangajaran 6	53
7	Pangajaran 7	28
8	Pangajaran 8	36
<b>Jumlah</b>		<b>325</b>

Dina pangajaran hiji aya 46 soal nu diwangun ku 10 pancén, dina pangajaran dua aya 42 soal nu diwangun ku 10 pancén, pangajaran tilu aya 22 pancén nu diwangun ku 6 pancén, pangajaran opat aya 35 soal diwangun ku 10 pancén, pangajaran lima aya 63 soal diwangun ku 10 pancén, pangajaran genep aya 53 soal diwangun ku 10 pancén, dina pangajaran tujuh aya 28 soal diwangun ku 7 pancén, jeung pangajaran dalapan aya 36 soal diwangun ku 9 pancén. Soal nu pangréana aya dina pangajaran lima.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data. Dina panalungtikan kualitatif instrumén utamana nyaéta panalungtikna sorangan, tuluy disampurnakeun ku ayana obsérvasi atawa wawancara (Sugiyono, 2020, kc. 103). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta “baca-kutip” kana tabél data. Soal nu geus dibaca jeung dicirian tuluy dikutip dumasar kana hasil analisis. Naha soal kagolong kana kategori lével kognitif mana waé, nganalisis unggal stimulus soal, jeung nangtukeun unsur kontéktual dina soal. Tabél datana saperti ieu di handap :

tabél 3.2  
tabél data panalungtikan

<b>Pancén</b>	<b>Soal+Kode soal</b>	<b>PG/Esay</b>	<b>Level kognitif</b>	<b>Wangun stimulus</b>	<b>Unsur Kontéktual</b>	<b>Kat (kutip)</b>

Kat: Kode soal saperti GB/1/P1/1

GB : pikeun ngaran buku  
1: nunjueun pangajaran  
P1: pancén ka 1  
1: no soal

Dina ngumpulkeun data aya sababaraha téhnik numutkeun Sugiyono (2020, kc. 105) nyaéta 1) Observasi, 2) Wawancara, 3) Dokumentasi, jeung 4) Trianggulasi. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokumén jeung catetan. Dokumén mangrupa catetan kajadian nu geus karandapan. Maksud dokumen dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nyokot gurat badag kana dokumén nu mangrupa kecap atawa ciri hiji hal dumasar kana tabél atawa data nu dikumpulkeun saperti ninggali tabél lével kognitif taksonomi Bloom édisi révisi jeung pedoman instrumén penialain soal *HOTS*. Téhnik catet nyaéta nyatet soal nu aya dina buku jeung nyatet indikator naon baé nu bisa ngarojong kana soal nu boga muatan lével kognitif, stimulus, jeung unsur kontéktual soal.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaéta

1. maca référénsi jeung nangtukeun tabél atawa pedoman pikeun nglasifikasikeun taksonomi Bloom jeung instrumén penilaian soal-soal wangun *HOTS*;
2. maca jeung nyirian soal dumasar kana lével kognitif ogé karakteristik soal nu kaasup *HOTS* dina buku *Gapura Basa*, jeung nganalisis stimulus soal ogé unsur kontéktual soal;
3. nyalin data kana instrumén nu geus disadiakeun;
4. nyusun data.

### 3.4 Téhnik Analisis Data

Analisis data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis data déskriptif analitik. Sabada data disusun, tuluy diolah ku cara milih data nu penting nu aya patalina jeung rumusan masalah. Déskriptif analitik digunakeun ngitung persentase unggal katégori nu ditalungtik saperti soal nu muatan *HOTS*, *LOTS*, lével kognitifna, stimulus ogé unsur kontéktualna. Cara ngolah data ngagunakeun isntumén olah data saperti ieu di handap.

Tabél 3.3  
frekuensi/persentase soal dumasar lével kognitif

Katégori	Frekuensi/persentase Muatan per bab	Total
----------	-------------------------------------	-------

	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>	<b>7</b>	<b>8</b>	
<i>Mengingat</i>									
<i>Memahami</i>									
<i>Mengaplikasikan</i>									
<i>Menganalisis</i>									
<i>Mengevaluasi</i>									
<i>Mengkreasi/ Mencipta</i>									

Pikeun néangan frekuensi nyaéta

$$F\% = \frac{\sum Q}{\sum R} \times 100\%$$

**Keterangan :**

F% : Frékuensi

$\sum Q$  : Jumlah soal nu boga muatan lével kognitif/stimulus/kontéktual

$\sum R$  : Total soal

Sabada aya data frékuensi hasilna didéskrpsikeun. Lian ti lével kognitif, soal dianalisis dumasar kontéktual soal. Kontéktual soal bisa diitung dumasar kana soal-soal nu boga lével kogntif tina C4 nepi ka C6. Soal-soal nu dianalisis dumasar kana stimulus bakal didéskrpikikeun naha stimulus merenah atawa henteuna. Ogé di itung jumlah soal nu boga stimulus merenah atawa henteuna dumasar kana tabél di handap.

Tabél 3.4  
frekuensi unsur stimulus

Bab	Soal	PG/Esay	Stimulus	Merenah	Kurang merenah
Frekuensi					

### 3.5 Isu Étik

Analisis *Higher Order Thinking Skills* bahan ajar basa Sunda *Gapura Basa* tangtu moal nimbulkeun hal-hal négatif nu matak ngaruksak citra pangarang buku, panerbit ogé pihak-pihak nu kalibet kana éta buku. Ieu panalungtikan murni pikeun bahan panalungtikan nu boga udagan sangkan apal kana karakter buku *Gapura Basa* nu geus loba dipaké ku sakola-sakola di Jawa Barat. Lian ti éta, ieu

panalungtikan kur ngabuktikeun ngaanalisis buku nu kudu bisa ngarojong kana kamampuh mikir tingkat luhur dumasar kana tiori Taksonomi Bloom édisi révisi ngeunaan *Higher Order Thinking Skills* ogé didasaran kana alat penilaian instrumén soal *HOTS*. Dina ayana dampak négatif kana ieu panalungtikan, panalungtik bisa nyieun klarifikasi kana klaim-klaim nu bisa ngaruksak citra ieu buku. Prosedurna, sabada hasil panalungtikan dijadikeun skripsi tuluy aya citraan négatif, panalungtik langsung ngklaim yén éta hal teu bener. Tuluy dijieun *press realis* nu diwuwuhan ku tandatangan panulis, prodi, jeung penerbit.